



LOJMAN EKITAB

Opòtinite egal pou tout moun



Depatman Lojman ak Devlopman Iben Ozetazini
Biwo Lojman Ekitab ak Opòtinite Egal



Tanpri vizite sit entènèt nou an: www.hud.gov/fairhousing
Haitian Creole Version



LOJMAN EKITAB – OPÒTINITE EGAL POU TOUT MOUN

Amerik, nan tout fason, reprezante egalite nan opòtinite pou tout moun. Rich divèsite sitwayen l yo ak espri tèt ansanm ki konekte nou tout senbolize prensip libète ak lajistis ki se fondasyon peyi sa a. Se rezon sa a ki fè li ekstrèmman twoublan lè yo refize bay nouvo imigran yo, minorite yo, fanmi ki gen timoun yo, ak moun ki gen enfimite lojman yo chwazi yomenm akoz diskriminasyon ilegal.

Depatman Lojman ak Devlopman Iben (Department of Housing and Urban Development - HUD) aplike lwa sou Lojman Ekitab la, ki entèdi diskriminasyon ak entimidasyon moun nan kay yo, bilding apatman yo ak devlopman ko-pwopriyete yo – nan prèske tout tranzaksyon lojman, ikonpri afèmaj ak vant lojman ak pwovizyon prè ipotekè.

Aksè egal pou jwenn lwaye ak opòtinite pou yon moun gen pwòp kay li se baz politik federal nan zafè lojman nan peyi sa a. Founisè kay ki refize lwe moun oswa vann moun kay akoz ras, koulè, orijin nasyonal, relijyon, sèks, estati familyal oswa envalidite ap vyole lalwa federal, epi HUD pral pouswiv avèk vigè aksyon kont yo pou fè yo aplike lwa a.

Non sèlman diskriminasyon nan zafè lojman se yon bagay ki ilegal, li kontredi nan tout fason prensip libète ak opòtinite noumenm antank ameriken bay anpil valè. HUD angaje l pou l asire yo trete tout moun egal ego lè y ap chèche yon kote pou yo rete.

SIJÈ KI NAN BWOCHI SA A

Lwa sou Lojman Ekitab la.....	1
Ki kalite lojman ki kouvri?	1
Ki sa ki entèdi?	1
Pwoteksyon siplemantè si w genyen yon enfimite.....	3
Pwoteksyon nan zafè lojman pou fanmi ki gen timoun.....	4
Si w panse yo te vyole dwa ou genyen.....	6
Ki sa ki pase lè w pote yon plent?	9
Ki sa ki pase si mwen pral pèdi kay mwen akoz ekspilsyon oswa y ap vann kay la?	10
Ki sa ki pase aprè investigasyon yon plent?.....	11
Anplis de sa	13



LOJMAN EKITAB Opòtinite egal pou tout moun

LWA SOU LOJMAN EKITAB LA

- Ras oswa koulè
- Relijyon
- Sèks
- Enfimite
- Estati famiyal (ikonpri timoun ki poko gen 18 an k ap viv avèk paran yo oswa gadyen legal; fi ki ansent ak moun k ap chèche gen gad timoun ki poko gen 18 an)
- Orijin nasyonal

KI KALITE LOJMAN KI KOUVRI?

Lwa sou lojman ekkitab la kouvri pifò lojman. Nan kèk sikonstans, lwa a egzante bilding ki gen pwopriyetè yo ki abite ladan yo, ki pa gen plis pase kat apatman, kay endividyèl yon moun achte oswa lwe san li pa t itilize yon koutye ak lojman kote se òganizasyon ak klìb prive ki jere yo epi se manm yo sèlman ki abite ladan yo.

KI SA KI ENTÈDI?

Nan vant oswa afèmaj lojman: Pèsòn pa ka pran mezi ki pral site anba a akòz ras, koulè, relijyon, sèks, enfimite, estati famiyal oswa orijin nasyonal:

- Refize lwe oswa vann kay
- Refize negosye pou kay
- Fè kay vin pa disponib
- Otreman anpeche yon moun jwenn yon kay
- Fikse diferan kondisyon oswa privilèj pou vann oswa pou lwe yon kay
- Ofri diferan sèvis oswa etablisman pou lojman
- Bay manti pou di konsa kay la pa disponib pou enspeksyon, pou vann oswa pou lwe
- Pou pwofi, pèsyade oswa eseye pèsyade mèt kay pou yo vann oswa lwe kay lè yo fè yo konnen moun yon ras an patikilye, eksetera, te demenaje oswa pral demenaje nan vwazinaj la (blockbusting) oswa

- Refize nenpòt moun gen aksè nan, adezyon oswa patisipasyon nan nenpòt òganizasyon, etablisman oswa sèvis (tankou sèvis entè-ajans) ki gen rapò ak vant oswa afèmaj kay, oswa pou fè diskriminasyon kont nenpòt moun nan kondisyon pou aksè, adezyon oswa patisipasyon.

Nan prè ipotekè: Pèsòn pa ka pran ankenn nan mezi ki pral site anba a akoz ras, koulè, relijyon, sèks, enfimite, estati famiyal oswa orijin nasyonal:

- Refize fè yon prè ipotekè
- Refize bay enfòmasyon konsènan anpren
- Enpoze diferan kondisyonnn sou yon prè, tankou diferan to enterè, pwen oswa frè
- Fè diskriminasyon nan evalyasyon pwopriyete
- Refize achte yon anpren oswa
- Fikse diferan kondisyon pou achte yon anpren.

Anplis de sa, se yon vyolasyon Lwa sou Lojman Ekitab la pou:

- Menase, fòse, entimide oswa entèfere avèk nenpòt moun k ap egzèse yon dwa li genyen nan zafè lojman ekitab oswa k ap ede lòt moun ki egzèse dwa a
- Fè, enprime, publiye nenpòt deklarasyon, an rapò ak vant oswa afèmaj yon kay, ki endike yon preferans, limit oswa diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, relijyon, sèks, enfimite, estati famiyal oswa orijin nasyonal. Entèdiksyon sa a kont piblisite diskriminatwa aplike a kay endividyèl ak kay kote pwopriyete a abite ladan l ki otreman egzante nan Lwa sou Lojman Ekitab la
- Refize bay kouvèti asirans pou kay akoz ras, koulè, relijyon, sèks, enfimite, estati famiyal oswa orijin nasyonal pwopriyete a epi/oswa moun ki abite nan kay la
- Fè diskriminasyon nan kondisyon kouvèti asirans kay akoz ras, koulè, relijyon, sèks, enfimite, estati famiyal oswa orijin nasyonal pwopriyete a epi/oswa moun ki abite nan kay la
- Refize bay enfòmasyon ki disponib sou diferan kalite chwa ki genyen pou asirans kay akoz ras, eksetera pwopriyete a epi/oswa moun ki abite nan kay la

- Fè oswa enprime nenpòt deklarasyon, an rapò ak pwovizyon asirans pou kay, ki endike yon preferans, limit oswa diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, relijyon, sèks, enfimite, estati famiyal oswa orijin nasyonal.

PWOTEKSYON SIPLEMANTÈ SI W GEN YON ENFIMITE

Si oumenm oswa yon moun ki asosye avèk ou:

- Genyen yon enfimite fizik oswa mantal (ikonpri defisyans nan odisyon, mobilite oswa nan vizyon, kansè, maladi mantal kwonik, VIH/SIDA, oswa reta mantal) ki limite konsiderableman youn oswa plizyè gwo aktivite nan lavi w
- Genyen yon dosye sou enfimite sa a oswa
- Yo konsidere ou genyen yon enfimite konsa, yon founisè lojman paka:
 - Refize kite w fè kèk modifikasyon ki rezonab nan kay kote w rete a oswa nan zòn pou izaj komen yo, avèk lajan pa w, si sa ka nesèsè pou ou pou itilize kote w rete a omaksimòm. (Kote sa rezonab, yon pwopriyetè ka pèmèt ou fè kèk chanjman sèlman si w dakò pou remete kay la nan kondisyon li te ye anvan an lè w demenaje.)
 - Refize fè akomodasyon rezonab nan règ, politik, pratik oswa sèvis si sa ta nesèsè pou w itilize kay la egal ego avèk moun ki pa enfim.

Egzanp: Yon bilding ki gen yon politik kote yo pa aksepte “ankenn bèt domestik” dwe pèmèt yon rezidan ki gen defisyans vizyèl genyen yon chyen-gid.

Egzanp: Yon bilding apatman ki ofri rezidan yo nenpòt kantite paking kote yo vle pake dwe onore yon demann yon rezidan ki gen defisyans nan mobilite fè pou yon espas ki rezève pou li ki toupre apatman l nan si sa ka nesèsè pou asire li ka gen aksè nan apatman li an. Sepandan, Lwa sou Lojman Ekitab la pa pwoteje yon moun ki se yon menas dirèk pou sante ak sekirite lòt moun oswa k ap itilize dwòg ki ilegal.

Kondisyon pou aksesibilite pou nouvo bilding ki gen plizyè apatman:

Nan bilding ki gen kat apatman oswa plis kote premye moun ki te abite ladan l se te aprè 13 mas 1991 epi ki gen yon asansè:

- Zòn pou izaj piblik ak komen yo dwe aksesib pou moun ki gen enfimite
- Tout pòt ak koridò yo dwe laj ase pou chèn woulant
- Tout apatman yo dwe genyen:
 - Yon wout ki aksesib pou rantre epi pou sikile nan apatman an
 - Bouton pou limen limyè, priz kouran, tèmosta ak lòt kontwòl yo dwe aksesib
 - Mi ki ranfòse nan twalèt yo pou alavni sa pèmèt enstalasyon ba pou sèvi apui ak
 - Kizin ak twalèt moun ki nan chèn woulant ka itilize

Si yon bilding ki gen kat apatman oswa plis pa genyen asansè epi premye moun ki te abite ladan l se te aprè 13 mas 1991, nòm sa yo aplikab sèlman pou apatman ki nan premye etaj la.

Kondisyon pou aksesibilite sa yo pou nouvo bilding miltifamilyal sa yo pa ranplase nòm pou aksesibilite ki pi rigoure ki nesèsè daprè lwa eta a oswa lwa lokal.

PWOTEKSYON NAN ZAFÈ LOJMAN POU FANMI KI GEN TIMOUN

Lwa sou Lojman Ekitab la fè li vin ilegal pou fè diskriminasyon kont yon moun ki gen youn oswa plizyè timoun nan kay li ki poko gen 18 an (estati familyal). Pwoteksyon estati familyal kouvri kay kote youn oswa plizyè timoun ki minè abite avèk:

- Yon paran;
- Yon moun ki legalman gen chaj (ikonpri gadyen) yon timoun ki minè oswa timoun; oswa
- Moun yon paran oswa yon gadyen legal deziyen, ki gen pèmisyon alekri paran an oswa gadyen legal la. Pwoteksyon estati familyal kouvri tou fi ki ansent ak nenpòt moun ki nan

pwosesis pou gen chaj legal yon timoun ki minè (ikonpri paran adoptif oswa paran akèy).

Egzanpsyon “Lojman pou Tigranmoun”: Lwa sou Lojman Ekitab la prezeman egzante kèk etablisman ak kominote kote tigranmoun yo rete de responsablite pou diskriminasyon akòz estati famiyal. Etablisman oswa kominote kote tigranmoun yo rete ka legalman refize vann oswa lwe kay bay fanmi ki gen timoun minè. Pou ka kalifye pou egzansyon “lojman pou tigranmoun”, yon etablisman oswa yon kominote dwe pwouve lojman li yo:

- Ki ofri nan kad nenpòt pwogram eta oswa federal HUD te detèmine ki te fèt oswa opere espesifikman pou ede tigranmoun yo (jan sa defini nan pwogram eta oswa federal la); oswa
- Fèt sèlman pou se moun ki gen 62 an oswa plis ki pou abite ladan yo; oswa
- Fèt epi opere pou se moun ki gen 55 an oswa plis ki pou abite ladan yo.

Pou ka kalifye pou “55 an oswa plis” nan egzansyon pou lojman, yon etablisman oswa kominote dwe satisfè chak nan kondisyon ki pral site anba a:

- omwen 80 pousan nan apatman yo dwe genyen omwen yon lokatè ki gen 55 an oswa plis; epi
- etablisman an oswa kominote a dwe pibliye epi adere a politik ak pwosedi ki demontre entansyon yo pou yo opere kòm lojman pou moun ki gen “55 an oswa plis”; epi
- etablisman an oswa kominote a dwe respekte kondisyon regilatwa HUD ki gen rapò ak verifikasyon laj rezidan yo

Egzansyon “lojman pou tigranmoun yo” pa pwoteje etablisman oswa kominote lojman pou tigranmoun kont responsablite pou diskriminasyon nan zafè lojman akòz ras, koulè, relijyon, sèks, enfimite oswa orijin nasyonal.

HUD prè pou l ede avèk nenpòt pwoblèm ki genyen an rapò ak diskriminasyon nan zafè lojman. Si w panse yo te vyole dwa w,

ou ka pote yon plent sou entènèt, ekri yon lèt oswa telefone biwo HUD ki pi pre w la. Ou genyen yon ane aprè diskriminasyon ki te sanse rive a oswa ki te fini pou pote yon plent nan HUD, men ou ta dwe pote plent lan leplivit posib.

SI W PANSE YO TE VYOLE DWA OU GENYEN

Ki sa pou di HUD:

- Non w ak adrès ou
- Non ak adrès moun w ap pote plent pou li a (repondan an)
- Adrès oswa lòt idantifikasyon lojman ki enplike a
- Yon deskripsyon tou kout sou vyolasyon ki sanse te fèt la (evènman ki te lakoz ou kwè yo te vyole dwa w)
- Dat (yo) vyolasyon an te sanse fèt.

Ki kote pou ekri oswa pou rele: Pote yon plent sou entènèt, voye yon lèt nan biwo HUD ki pi pre w la, oswa si w vle, ou ka rele biwo sa a dirèkteman. Moun ki soud oswa ki gen difikilte pou tandè epi ki sèvi ak yon teleenprimè, yo ka rele biwo sa yo nan Sèvis Relè Enfòmasyon Federal la ki gratis nan 1-800-877-8339.

Pou Connecticut, Maine, Massachusetts, New Hampshire, Rhode Island ak Vermont:

BIWO REJYONAL BOSTON

(Complaints_office_01@hud.gov)

U.S. Department of Housing and Urban Development

Thomas P. O'Neill Jr. Federal Building

10 Causeway Street, Room 321

Boston, MA 02222-1092

Telefòn (617) 994-8300 oswa 1-800-827-5005

Faks (617) 565-7313 * Teleenprimè (617) 565-5453

Pou New Jersey, New York, Pòtoriko ak U.S. Virgin Islands:

BIWO REJYONAL NEW YORK

(Complaints_office_02@hud.gov)

U.S. Department of Housing and Urban Development

26 Federal Plaza, Room 3532

New York, NY 10278-0068

Telefòn (212) 542-7519 oswa 1-800-496-4294

Faks (212) 264-9829 * Teleenprimè (212) 264-0927

Pou Delaware, District of Columbia, Maryland, Pennsylvania, Virginia ak West Virginia:

BIWO REJYONAL PHILADELPHIA

(Complaints_office_03@hud.gov)

U.S. Department of Housing and Urban Development

The Wanamaker Building

100 Penn Square East

Philadelphia, PA 19107-9344

Telefòn (215) 861-7646 oswa 1-888-799-2085

Faks (215) 656-3449 * Teleenprimè (215) 656-3450

Pou Alabama, Florida, Georgia, Kentucky, Mississippi, North Carolina, South Carolina, ak Tennessee:

BIWO REJYONAL ATLANTA

(Complaints_office_04@hud.gov)

U.S. Department of Housing and Urban Development

Five Points Plaza

40 Marietta Street, 16th Floor

Atlanta, GA 30303-2808

Telefòn (404) 331-5140 oswa 1-800-440-8091 x2493

Faks (404) 331-1021 * Teleenprimè (404) 730-2654

Pou Illinois, Indiana, Michigan, Minnesota, Ohio ak Wisconsin:

BIWO REJYONAL CHICAGO

(Complaints_office_05@hud.gov)

U.S. Department of Housing and Urban Development

Ralph H. Metcalfe Federal Building

77 West Jackson Boulevard, Room 2101

Chicago, IL 60604-3507

Telefòn 1-800-765-9372

Faks (312) 886-2837 * Teleenprimè (312) 353-7143

Pou Arkansas, Louisiana, New Mexico, Oklahoma ak Texas:

BIWO REJYONAL FORT WORTH

(Complaints_office_06@hud.gov)

U.S. Department of Housing and Urban Development

801 Cherry Street

Suite 2500, Unit #45

Fort Worth, TX 76102-6803

Telefòn (817) 978-5900 oswa 1-888-560-8913

Faks (817) 978-5876/5851 * Teleenprimè (817) 978-5595

Pou Iowa, Kansas, Missouri ak Nebraska:

BIWO REJYONAL KANSAS CITY

(Complaints_office_07@hud.gov)

U.S. Department of Housing and Urban Development

Gateway Tower II

400 State Avenue, Room 200, 4th Floor

Kansas City, KS 66101-2406

Telefòn (913) 551-6958 oswa 1-800-743-5323

Faks (913) 551-6856 * Teleenprimè (913) 551-6972

Pou Colorado, Montana, North Dakota, South Dakota, Utah ak Wyoming:

BIWO REJYONAL DENVER

(Complaints_office_08@hud.gov)

U.S. Department of Housing and Urban Development

1670 Broadway

Denver, CO 80202-4801

Telefòn (303) 672-5437 oswa 1-800-877-7353

Faks (303) 672-5026 * Teleenprimè (303) 672-5248

Pou Arizona, California, Hawaii ak Nevada:

BIWO REJYONAL SAN FRANCISCO

(Complaints_office_09@hud.gov)

U.S. Department of Housing and Urban Development

600 Harrison Street, Third Floor

San Francisco, CA 94107-1387

Telefòn 1-800-347-3739

Faks (415) 489-6558 * Teleenprimè (415) 489-6564

Pou Alaska, Idaho, Oregon ak Washington:

BIWO REJYONAL SEATTLE

(Complaints_office_10@hud.gov)

U.S. Department of Housing and Urban Development

Seattle Federal Office Building

909 First Avenue, Room 205

Seattle, WA 98104-1000

Telefòn (206) 220-5170 oswa 1-800-877-0246

Faks (206) 220-5447 * Teleenprimè (206) 220-5185

Si aprè w fin kontakte biwo lokal ki pi pre w la, ou toujou genyen kèk kesyon – ou ka kontakte HUD ankò nan:

U.S. Department of Housing and Urban Development

Office of Fair Housing and Equal Opportunity

451 7th Street, S.W., Room 5204

Washington, DC 20410-2000

Telefòn 1-800-669-9777

Faks (202) 708-1425 * Teleenprimè 1-800-927-9275

www.hud.gov/fairhousing

Si w enfim: HUD ofri tou:

- Yon telefòn teleenprimè pou itilzatè ki soud/ki gen difikilte pou tande (gade lis ki anwo a pou biwo HUD ki pi pre w la)
- Entèprèt, tep ak materyèl an bray
- Asistan pou li epi pou ranpli fòm yo

KI SA KI RIVE LÈ OU POTE YON PLENT?

HUD pral fè w konnen alekri lè yo aksepte plent ou pote a dapre Lwa sou Lojman ekitab la. Epitou HUD pral:

- Avize moun ki sanse vyole lwa a (“repondan”) konsènan plent ou pote a, epi bay repondan an lè pou l soumèt yon repons alekri pou plent lan.
- Envestige plent ou an, epi detèmine si wi ou non genyen yon koz rezonab pou nou kwè repondan an te vyole Lwa sou Lojman Ekitab la.

- Avize ni ou ni repondan an si HUD paka fini avèk investigasyon l lan nan yon delè 100 jou aprè w fin pote plent ou an, epi bay rezon ki fè investigasyon an poko fini.

Konsilyasyon Lwa sou Lojman Ekitab: Pandan investigasyon plent lan, HUD gen obligasyon pou l ofri ni ou ni repondan an opòinite pou rezoud plent ou an avèk yon Akò Konsilyasyon. Yon Akò Konsilyasyon ofri soulajman endividyèl pou ou, epi sa pwoteje enterè piblik la lè li disyade repondan an pou l fè diskriminasyon alavni. Yon fwa oumenm ak repondan an siyen yon Akò Konsilyasyon, epi HUD apwouve Akò a, HUD pral sispann fè investigasyon sou plent ou an. Si w kwè repondan an te vyole Akò Konsilyasyon w lan, ou ta dwe avize biwo HUD ki te investigate plent ou an toutsuit. Si HUD detèmine genyen yon koz rezonab pou kwè repondan an te vyole Akò a, HUD pral mande Depatman Lajistis Etazini pou l pouswiv repondan an nan tribinal distri federal pou l fè respekte kondisyon Akò a.

Rekòmandasyon plent nan ajans piblik eta a oswa lokal pou lojman ekkitab: Si HUD te sètifye ajans piblik eta a oswa lokal pou lojman ekkitab ou a fè respekte yon lwa oswa règleman dwa sivil ki ofri dwa, aksyon nan lajistis ak pwoteksyon ki “sibstansyèlman ekivalan” a Lwa sou Lojman Ekitab la, HUD dwe imedyatman rekòmande plent ou an nan ajans sa a pou investigasyon, epi li dwe imedyatman avize w sou rekòmandasyon an. Ajans eta a oswa lokal la pral investigate plent ou an daprè lwa oswa règleman dwa sivil “sibstansyèlman ekivalan” eta oswa lokal la. Ajans piblik eta a oswa lokal pou lojman ekkitab la dwe kòmanse investigate plent ou an nan yon delè 30 jou apati dat rekòmandasyon HUD la, oswa HUD ka rekipere (“reaktive”) plent lan pou investigasyon daprè Lwa sou Lojman Ekitab la.

KI SA KI PASE SI MWEN PRAL PÈDI KAY MWEN AKOZ EKSPILSYON OSWA Y AP VANN KAY LA?

Si w bezwen èd imedyatman pou estope oswa anpeche yon pwoblèm grav yon vyolasyon lwa sou lojman ekkitab la koze, HUD ka gen mwayen pou l ede w dèke ou pote yon plent. HUD ka

otorize Depatman Lajistis Etazini an pou l fè yon mosyon nan tribinal distri federal pou yon enjonksyon tanporè (Temporary Restraining Order - TRO) kont repondan an, epi après a yon enjonksyon preliminè annatandan rezilta investigasyon HUD la. Yon jij federal ka akòde yon TRO oswa yon enjonksyon preliminè kont yon repondan nan kèk ka kote:

- Tò oswa blesi ireparab (irevèsib) a dwa nan zafè lojman gen anpil chans pou rive san entèvansyon HUD; epi
- Genyen anpil prèv repondan an te vyole lwa sou lojman ekita la.

Egzanp: Yon pwopriyetè dakò pou l vann yon kay, men, aprè l fin dekouvri moun k ap achte yo se nwa yo ye, pwopriyetè a retire kay la sou mache a, epi toutsuit aprè li remete l ankò sou mache a pou vann li. Achte yo pote yon plent diskriminasyon nan HUD. HUD ka otorize Depatman Lajistis Etazini pou l chèche gen yon enjonksyon nan tribinal distri federal pou anpeche pwopriyetè a vann kay la bay pèsòn jiskaske HUD envestige plent lan.

KI SA KI PASE APRÈ ENVESTIGASYON YON PLENT?

Detèminasyon koz rezonab, chaj diskriminasyon ak eleksyon: Lè HUD fin envestige yon plent, li pral prepare yon rapò envestigasyon final ki rezime prèv yo te ranmase pandan envestigasyon an. Si HUD detèmine genyen yon koz rezonab pou l kwè repondan an te fè diskriminasyon kont oumenm, HUD pral emèt yon detèminasyon koz rezonab ak yon chaj diskriminasyon kont repondan (yo). Oumenm ak repondan (yo) genyen ven (20) jou aprè nou fin resevwa notis chaj la pou decide si pou se yon jij lwa administratif (ALJ) HUD ki pou tande ka w la oswa si pou gen yon pwosè sivil nan tribinal distri federal.

Odyans devan jij lwa administratif HUD: Si ni oumenm ni repondan an chwazi pou genyen yon pwosè sivil federal anvan peryòd eleksyon 20 jou a ekspire, HUD pral pwograme imedyatman yon odyans pou ka w la devan yon jij lwa administratif (ALJ) HUD. Odyans

devan ALJ a pral fèt nan lokalite kote diskriminasyon an te sanse rive a. Pandan odyans devan ALJ a, oumenm ak repondan (yo) gen dwa pou parèt an pèsòn, pou gen avoka ki pou reprezante w, pou prezante prèv, pou kont-entèwoje temwen yo epi pou mande sitasyon pou konparèt pou ede nan kominikasyon prèv yo. Avoka HUD yo pral reprezante w pandan odyans devan ALJ a san w pa peye senk kòb; sepandan, ou ka chwazi tou pou entèveni nan ka a epi anboche pwòp avoka pa w. Nan konklizyon odyans lan, ALJ HUD la pral bay yon desizyon ki baze sou konklizyon fè ak entansyon transfere. Si ALJ HUD la konkli repondan (yo) te vyole lwa sou lojman ekitab la, repondan (yo) ka resevwa lòd pou yo:

- Konpanse w pou domaj aktyèl, ikonpri depans ou fè ak lajan pa w ak prejidi fizik
- Bay soulajman enjonktif pèmanan.
- Bay soulajman ekitab ki apwopriye (pa egzanp, fè lojman an vin disponib pou ou).
- Peye frè rezonab avoka w la.
- Peye HUD yon penalite sivil pou jistifye enterè piblik la. Penalite sivil maksimòm se: \$16,000.00 pou yon premye vyolasyon lwa a; \$37,500.00 si te deja gen yon vyolasyon nan peryòd senk ane ki sot pase yo; epi \$65,000.00 si de vyolasyon oswa plis te rive nan peryòd sèt ane ki sot pase yo.

Pwosè sivil nan tribinal distri federal: Si oumenm oswa repondan an chwazi pou genyen yon pwosè sivil federal pou plent ou an, HUD dwe refere ka w la nan Depatman Lajistis Etazini pou regle sa. Depatman Lajistis Etazini pral pouswiv yon aksyon sivil nan non w nan tribinal distri Ozetazini nan distri kote diskriminasyon an te sanse rive a. Ou ka chwazi tou pou entèveni nan ka a epi anboche pwòp avoka w. Ni oumenm ni repondan an ka mande pou yon pwosè devan yon jire, epi nou chak gen dwa pou parèt an pèsòn, pou gen avoka pou reprezante nou, pou prezante prèv, pou kont-entèwoje temwen yo, epi pou mande sitasyon pou konparèt pou ede nan kominikasyon prèv yo. Si tribinal federal la deside anfavè w, yon jij oswa jire ka mande repondan (yo) pou:

- Konpanse w pou domaj aktyèl, ikonpri depans ou fè ak lajan pa w ak prejidi fizik

- Bay soulajman enjonktif pèmanan.
- Bay soulajman ekitab ki apwopriye (pa egzanzp, fè lojman an vin disponib pou ou).
- Peye frè rezonab avoka w la.
- Peye w domaj-enterè pinitif

Detèminasyon kote pa gen koz rezonab ak rejè: Si HUD jwenn pa gen koz rezonab pou kwè repondan (yo) te vyole lwa a, HUD pral rejte plent ou an avèk yon detèminasyon kote pa gen koz rezonab. HUD pral avize oumenm ak repondan (yo) konsènan rejè a pa lapòs, epi ou ka mande yon kopi rapò investigasyon final la.

Rekonsiderasyon detèminasyon kote pa gen koz rezonab: Lwa sou Lojman Ekitab la pa ofri pwosesis apèl fòmèl pou plent HUD rejte. Sepandan, si yo rejte plent ou an avèk yon detèminasyon kote pa gen koz rezonab, ou ka soumèt yon demann alekri pou yon egzamen rekonsiderasyon nan: Director, FHEO Office of Enforcement, U.S. Department of Housing and Urban Development, 451 7th Street, SW, Room 5206, Washington, DC 20410-2000.

ANPLIS DE SA

Ou ka fè yon pouswit jidisyè prive: Ou ka fè yon pouswit jidisyè sivil prive san ou pa dabò oblije depoze yon plent nan HUD. Ou dwe fè pouswit jidisyè w la nan yon delè de (2) an apati dat ki pi resan aksyon diskriminatwa a te sanse fèt.

Si w pote yon plent nan HUD epi menm si HUD rejte plent ou an, lwa sou lojman ekitab la ba w dwa pou fè yon pouswit jidisyè sivil prive kont repondan (yo) nan tribinal distri federal. Tan HUD te pran pou l trete plent ou an pa konte nan peryòd 2 an pou fè pouswit jidisyè a. Ou dwe fè pouswit jidisyè w la avèk lajan pa w; sepandan, si w paka peye pou yon avoka, tribinal la ka nonmen youn pou ou.

Menm si HUD toujou ap travay sou plent ou an, ou ka fè yon pouswit jidisyè sivil prive kont repondan an, amwenske (1) ou te deja siyen yon Akò Konsilyasyon HUD pou rezoud plent HUD ou

a; oswa (2) yon jij lwa administratif HUD te kòmanse yon odyans administratif sou plent ou an.

Lòt zouti pou konbat diskriminasyon nan zafè lojman:

- Si yo pa respekte lòd yon jij lwa administratif, HUD ka chèche soulajman tanporè, fè respekte lòd la oswa yon enjonksyon nan kou dapèl Etazini.
- Minis Lajistis la ka fè yon pouswit jidisyè nan tribinal distri federal si genyen yon koz rezonab pou kwè yon modèl oswa pratik diskriminasyon nan zafè lojman ap fèt.



Nòt

LOJMAN EKITAB Opòfinite egal pou tout moun



Nòt

LOJMAN EKITAB Opòfinite egal pou tout moun



Nòt

LOJMAN EKITAB Opòtinite egal pou tout moun



LOJMAN EKITAB Opòfinite egal pou tout moun


Nòt

Pou plis enfòmasyon


Bi bwochi sa a se pou rezime dwa ou genyen nan zafè lojman ekitab. Lwa sou Lojman Ekitab la ak regilasyon HUD yo genyen plis detay ak enfòmasyon teknik. Si w bezwen yon kopi lwa a oswa regilasyon yo, kontakte biwo lojman ekitab HUD ki pi pre w la. Gade lis biwo lojman ekitab HUD ki nan paj 6-9.



KONEKTE AVÈK HUD



Department of Housing and Urban Development
Room 5204
Washington, DC 20410-2000



02305

